www.nohchalla.com
Популяризация старинных чеченских песен

# Б1аьстенца аренгахь (Айза)

**Б1аьстенца аренгахь сенъелла йог1у,
Вайн стоьмийн бошмашкахь заза даьлла дог1у,
Зезагашца кхелина, вайн дуьне хазделла дог1у.
Зезагашца кхелина,  вайн дуьне хазделла дог1у.**

**Ют1къачу шакаршца олхазарш дека,
Мехкарша тобанца хаза эшарш лоькху.
Суна, Айза, эшарийн серлонгахь хьан аз а девза,
Суна, Айза, эшарийн серлонгахь хьан аз а девза.**

**Калакой 1аж санна, хьан йогу беснеш,
Рег1ан кока санна, хьан 1аьржа б1аьргаш
Хьалха х1уьттий, дела къежа суна, хьан хаза б1аьргаш,
Хьалха х1уьттий, дела къежа суна, хьан хаза б1аьргаш.**

**Б1аьстенца аренгахь сенъелла йог1у,
Вайн стоьмийн бошмашкахь заза даьлла дог1у,
Зезагашца кхелина, вайн дуьне хазделла дог1у.
Зезагашца кхелина,  вайн дуьне хазделла дог1у.
Зезагашца кхелина, вайн дуьне хазделла дог1у.
Зезагашца кхелина,  вайн дуьне хазделла дог1у.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)